

Enstriksyon pou Kolonoskopi - Preparasyon Nòmal

7 JOU ANVAN EGZAMEN AN

- **PA PRAN:** Medikaman kont anflamasyon ki pa gen estewoyid tankou Ibuprofen, Motrin, Advil, Naproxen, Aleve, Naprosyn, Meloxicam ak anpil lòt toujou
- Ou te mèt pran Tylenol (ki se asetaminofèn) pou doulè
- Gen pwoblèm medikal ki egzije pou w kontinye pran Aspirin. Pa sispann pran Aspirin toutotan ou pa pale ak pwofesyonèl medikal ou a.



3 JOU ANVAN TÈS LA

Sispann pran manje ki gen anpil fib tankou mayi, pwa, grenn, nwa, pen konplè, oswa po fwi (pwa, pòm, elatriye)



2 JOU ANVAN TÈS LA

- Pran yon soupe leje anvan 7 PM

1 JOU ANVAN EGZAMEN AN

- Kòmanse yon rejim likid klè – likid klè vle di transparan. Pa pran manje solid pandan tout jounen an

Likid ki klè	Likid ki pa klè
Dlo, Gatorade, Powerade oswa Pedialyte	Pa pran bwason ki koulè wouj oswa mòv
Kafe oswa te (pa mete ni lèt, ni krèm)	Pa pran alkòl
Bouyon ki klè	Pa pran ni lèt, ni krèm, okenn pwodui ki fèt ak lèt
Ginger ale oswa Sprite	Pa mete ni vèmèsèl, ni diri, ni legim nan soup la
Ji pòm	Pa pran ji ki gen moso fwi ladan l
Jell-o, krèm dlo	Pa pran likid ki pa transparan

- Prepare medsin nan: mele poud medsin nan ak dlo, epi apre sa mete l nan frijidè
- **Kòmanse a 6 PM, bwè yon vè (8 ons) medsin chak 30 minit jiskaske mwatye boutèy la vin vid.** Pa bliye rete toupre yon twalèt lè w kòmanse pran preparasyon an.

JOU KOLONOSKOPI AN

- **6 èdtan** anvan tès ou a, bwè mwatye ki rete nan boutèy medsin nan. **Li enpòtan anpil pou w fini tout galon an.** L ap vide trip ou pou w kapab fè tès la san pwoblèm.
- Nan maten jou egzamen an, ou gen dwa pran lòt medikaman ou abitye pran yo avèk **yon sèl ti gòje dlo.** Sa gen ladan l medikaman pou tansyon, medikaman kont kriz epilepsi, medikaman pou kè, medikaman pou tiwoyid, elatriye
- **Pa pran** pilil pou dyabèt. Si w gen dyabèt, tanpri suiv dokimantasyon preparasyon pou kolonoskopi pou moun ki gen dyabèt la
- **Pa bwè anyen pandan 3 èdtan anvan tès la**